

**Pwotokòl Akò**  
**Ant**  
**Komite Lekòl Boston nan**  
**Ak**  
**ASOSIYASYON PATWÒUY POLIS LEKÒL BOSTON NAN**

Pwotokòl Akò (“Akò a”) sa konkli jodi a ki se \_\_\_ Novanm 2022 ant Kominote Lekòl la nan Vil Boston nan (“Kominote a”) ak Asosiyasyon Patwouy Polis Lekòl Boston nan (“Asosiyasyon an”). Akò sa se sou kondisyon epi li sijè ak ratifikasyon manm sendika a, apwobasyon Komite a, ak apwopriasyon adisyonèl ak Konsèy Vil nan Vil Boston nan.

**1. ATIK XXIII Dire**

Akò twa lane (3) sa konplete e amande akò sou Negosiasyon Kolektif ki anvigè depi 1ye Septanm 2020 jiska 31 Out 2021 an. Eksepte nan ka modifikasyon ekspresè Akò sa, tèm ak dispozisyon akò negosyasyon kolektiv pati yo ki anvigè soti 1ye Septanm 2020 jiska 31 Out 2021 an pral rete totalman an fòs ak anvigè soti 1 Septanm 2021 jiska 31 Out 2024. Sendika a pral rekòmande ak pouswiv ratifikasyon ak apwobasyon Akò a pa manm li yo:

**2. ATIK XVIII Dedomajman**

Ogmantasyon Salè Minimòm:

- Anvigè 1ye Oktòb 2021: 2.5% Ogmantasyon salè minimòm (retwo-aktif)
- Anvigè 1ye Oktòb 2022: 2.5% Ogmantasyon salè minimòm (retwo-aktif)
- Anvigè 1ye Oktòb 2023: 2.5% Ogmantasyon salè minimòm
- FY22: Anplwaye aktif ke BPS te anboche yo nan dat oswa avan dat 1ye Novanm 2021 an dwe touche montan fòfetè \$1,000 nan dènye PPE mwa Desanm 2022 a.

**3. ATIK I Seksyon C**

- Nan fen seksyon an, ajoute “Direksyon oswa Administrasyon an pral bay Ajan yon avi sou omwen 1 semèn avan tout mouvman lateral pèmanan nan afektasyon lekòl yo.

**4. ATIK III Evalyasyon**

- Nan paragaf 1 an, retire “Y ap gen pou kreye yon Komite jesyon miks parasendikal ki gen ladan l twa manm ki fè pati Asosiyasyon an ak twa manm ki fè pati Depatman Lekòl la ki pral gen kòm tach pou yo elabore yon fòmilè pou evalyasyon apati yon seri kritè ki lye, defason rezonab, ak pèfòmans yo antanke ajan Polis Lekòl la e Anplwaye Depatman Lekòl la. Se BPS ki pral dènye desizyon sou fòm ak kontni fòmilè evalyasyon an.

**Pwotokòl Akò**  
**Ant**  
**Komite Lekòl Boston nan**  
**Ak**  
**ASOSIYASYON PATWÒUY POLIS LEKÒL BOSTON NAN**

- Nan paragraf 1 an, apre “Anplwayè a dwe fè evalyasyon omwen chak ane” ajoute “Depatman an pral itilize fòmilè “Evalyasyon Pèfòmans Sèvis Sekirite Lekòl Piblik Boston yo” lè y ap evalye anplwaye yo.”

**5. ATIK VI Inifòm**

- Nan paragraf 1 an, retire "Yo defini inifòm yo kòm djakèt pandan ivè ak ete, rad pou lapli, pantalon, mayo, kravati, chosbwa, ak soulye nwa,” epi ajoute “Inifòm nan atache nan Apendis A a”.
- Retire paragraf B a.

**6. ATIK VIII Peman pandan Jou Konje**

- Nan paragraf A a., ajoute “Juneteenth”.
- Retire paragraf A a. “Jou Kristòf Kolon epi ranplase l avèk “Jou Pèp Endijèn nan”.
- Retire “Komite a pral akòde jiska de (2) jou san moun pa pèdi peman oswa konje pèsònèl pou obsèvasyon jou konje Mizilman, Eidul-Fitr ak Eidul-Adha, ak pou obsèvasyon Jou Konje Jwif, Rosh Hashana ak Yom Kippur pou moun ki pataje fwa sa yo epi ki fete fèt sa yo.”
- Ajoute “Komite a pral akòde anplwaye ki obsève jou konje relijye ki tonbe pandan lekòl louvri yo jiska de (2) jou san moun pa pèdi peman oswa konje pèsònèl. Biwo Ekite a pral mentni yon lis ki gen jou konje relijye yo otomatikman apwouve yo. Ou kapab adrese demann konsènan lòt jou konje relijye sa yo bay Biwo Ekite a.

Tout anplwaye ki prevwa plan yon jou konje konfòmeman ak dispozisyon sa nan kontra ap gen pou enfòm sipèvizè yo a ansanm ak Biwo Ekite a epi y ap idantifye selebrasyon an nan omwen dis jou lekòl alavans. Si selon nati selebrasyon an yo pa konnen dat egzakt la sou dis jou lekòl alavans, anplwaye a pral gen pou l bay yo avi sou dat apwoksimatif la. Si jou konje a tonbe nan dis premye jou lekòl yo, anplwaye a pral gen pou l bay yon avi disi jou ki vini avan premye jou elèv la pa gen lekòl la.

**7. ATIK IX Avantaj, Seksyon H. Konje pou Absans**

- Modifye paragraf 2 a pou l ekri “Sendika a dakò adopte Politik sou Konje Militè Vil Boston nan. Si Vil Boston nan fè nenpòt chanjman nan Politik li sou Konje Militè a epi

**Pwotokòl Akò**  
**Ant**  
**Komite Lekòl Boston nan**  
**Ak**  
**ASOSIYASYON PATWÒUY POLIS LEKÒL BOSTON NAN**

Komite an prevwa adopte chanjman sa yo, Komite a dakò pou l bay Sendika a yon avi ansanm ak opòtinite pou l negosye jan lalwa egzije sa a.”

- Nan paragraf (4.)(d) retire “ni nyès ak neve ladan l tou”.

**8. ATIK XI Seksyon A. Pouvwa Polis**

- Retire paragraf 1 an.
- Atache akò refòm polis la kòm apendis B, nan CBA a.

**9. ATIK XIV Tan adisyonèl**

- Modifye paragraf C a pandan w ap retire “lè ki aplikab pou yo a ansanm ak pousantaj pa demi èdtan an” epi w ap ranplase li avèk (karant (\$40.00) dola pousantaj pou chak èdtan”.

**10. ATIK XVI Matènite**

- Modifye tit Atik XVI pou l ekri “Konje Paran”.
- Modifye Atik sa pou l ekri “Anplwaye yo dwe gen dwa ak Konje Paran ki Peye jan Politik sou Konje Paran ki Peye Vil Boston nan egzije sa a. Si Vil Boston nan fè nenpòt chanjman nan Politik li sou Konje Paran ki Peye a epi Komite an prevwa adopte chanjman sa yo, Komite a dakò pou l bay Sendika a yon avi ansanm ak opòtinite pou l negosye jan lalwa egzije sa a.”

**11. Reyinyon Komite a sou Sèvis Sekirite yo**

- Ajoute nouvo Atik; “Komite pou Sèvis Sekirite a pral gen ladan l: Omwen yon manm ki nan Asosiyasyon Nèg ki nan Patwouy yo; omwen yon manm ki nan Federasyon Ajan Siperyè yo; yon manm nan yon òganizasyon sendikal miks; Chèf Adjwen ak/oswa Chèf Sèvis Sekirite yo; yon administratè; yon patnè kominotè Chèf la envite; yon chèf operasyonèl nan lekòl la. Komite sa pral reyini sou demann Nèg patwouy yo oswa Ofisye Siperyè yo jiska yon fwa pa trimès pou yo diskite sou enkyetid sou sekirite Sendika a. Sendika a ka mande tou pou yo diskite sou nouvo ekipman yo ak/oswa sou opòtinite pou fòmasyon yo nan reyinyon sa a. Apresa, y ap soumèt demann Sendika yo bay Sipèrentandan an pou li kapab egzamine yo.

**Pwotokòl Akò  
Ant  
Komite Lekòl Boston nan  
Ak  
ASOSIYASYON PATWÒUY POLIS LEKÒL BOSTON NAN**

**Asosiyasyon Patwouy Polis Lekòl Boston nan**

\_\_\_\_\_  
**Dana Raines, Prezidan**

\_\_\_\_\_  
**David Pender**

**Pou Ekip Negosyasyon Komite Lekòl Boston nan:**

\_\_\_\_\_  
**Neva Coakley, Chèf Sèvis Sekirite**

\_\_\_\_\_  
**Louis Scapicchio, Direktè Adjwen Relasyon Travay**

\_\_\_\_\_  
**Eliza Mina, Konseye Travay**

\_\_\_\_\_  
**Sipèrentandan Mary Skipper**

**Pwotokòl Akò**  
**Ant**  
**Komite Lekòl Boston nan**  
**Ak**  
**ASOSIYASYON PATWÒUY POLIS LEKÒL BOSTON NAN**